

ZONBI AN AYITI

Yves BLOT¹

Zonbi ! Zonbi ! Zonbi !

Fè yon moun tounen zonbi. Leve yon zonbi

Achte yon zonbi ;

Vann yon zonbi ;

Pran zonbi yon moun ;

Zonbi sove ;

Zonbi goute sèl, li pa mande rete.

Ki sa ki verite ? Ki sa ki lejann nan tout pawòl sa yo ? Eske pwosesis zombifikasyon an se pa yon lòt kalte syans ki gran-moun tèt li akote tout sa sèten moun rele syans yo ?

Zonbi, yon reyalite syantifik

Alapapòt n'ap di pa gen anyen ki mistè nan kesyon zombifye yo moun. Se yon pwosesis ki totalman syantifik tankou 2 ak 3 ki fè 5. Tankou pawòl la di, se konnen ki fè. Moun ki konnen an ka mete yon moun nan yon eta ki fè li pedi bon sans li. Nan vodou a, nou di li pedi bon nanj li (Ti bon nanj li). Li tounen yon zonbi kote yo ka di l « adwat ; agòch agòch ».

Kouman nou ka defini yon zonbi ?

Se yon moun, yon popilasyon te konstate ki mouri (konsta sa, doktè ka fè l, ofisye Leta sivil ka fè l, Jij depè...). Mò sa, yo tere l devan je tout yon popilasyon. Kèk tan apre, mò sa a retounen

¹ Anthropologue, vice-doyen de la Faculté d'Ethnologie (UEH).

sou moun ankò. Men li nan yon eta tankou yon gwo ebete, yon gwo gaga.

Karakteristik yon zonbi

- Tèt bese
- Vwa l pale nan nen
- Mache kanyank kanyank
- Je l fikse e klere
- Konpòtman li dou

Dapre imajinè popilè a, zonbi a pa dwe manje sèl paske jou sa rive, lwa mandong li ka moute enpi li pwal mache sou gason jis li ka touye gangan an ki te mèl li a.

Kouman pwosesis fè moun tounen zonbi a ye ?

Gen 2 teyori sou kesyon sa a. Premye a se fè moun nan manje oswa bwè yon dòz ki toksik anpil ki ka mete l nan yon eta katalèpsi. Lòt teyori a, se aksyon majik ki ka fèt sou ti bon nanj moun nan, menm si se adistans. Lè sa a, gen moun ki pale sou “kò astral”. Nou menm antwopològ, se obsèvatè nou ye. Tout sa nou di, se pa repete pawòl moun. Se fè teren pou nou obsève “*in Vivo*” pratik la. Tout sa nou pa ka obsève nou pa dwe repete. Nou fèmen bouch nou. Dayè, syans antwopolojik la li natirèl. Lè yon fenomèn parèt nou si-natirèl, djòb nou se grate l, rale pye l vini sou tè a lè li anlè nan syèl la. Tout sa, se pou di nou rete kole ak premye teyori a .

Lè moun nan fin manje manje, oswa bwè likid ki gen pwazon toksik sa ladan l, apre kèk malèz fizik moun nan ka gen, li mouri oswa li parèt mouri. Tout fonksyonman vital li ralanti nèt men moun nan pa mouri. Dòktè ka poze èstetoskòp li, anyen. Dòktè eseye pran “pou” li, anyen menm. Menm souf respirasyon an parèt koupe. An reyalyte, moun nan pa mouri vre.

Moun ki fè zak sa a ka òganize l yon fason pou fè yo tere mò sa a byen vit. Pita, yo vin leve mò a. Gen moun ki di se yon “kontre dòz” oswa yo fè moun nan respire yon bagay ki fò tankou gaz amonyak oswa kanf. Apati de sa, yo ka souflete zonbi a, imilye l

fizikman ak sikolojikman pou tabli otorite mèt la sou zonbi a. Zonbi sa a, pi souvan vin tounen yon esklav, yon fòs kouray gratis ti cheri kote yo ka vann li, achte l pou travay latè, pou rekòlte diri latibonit, pou koupe kann elatriye.

Kèk ka zombifikasyon

Ka sa yo n'ap prezante la, soti nan yon travay rechèch kèk save isit tankou lòtbò dlo te patisipe nan dokimantasyon ka sa yo. Nou jwenn :

- Doktè Lamarck Douyon, Sikyat ayisyen ; Enstiti sikyatrik Potoprens
- Doktè Nathan Cline, Lopital Roosevelt Nouyok ;
- Doktè Heinz Lehman, nerosikyat Lopital Migil, Monreyal.

Tout done sa yo soti nan yon liv ansyen 2 jounalis France Inter ak TFI te ekri nan lane 1983. Men ka yo :

1. Kasebwèt : Nan lane 1940 yo, se yon fanm ki te sove ansanm ak dòt zonbi nan Kadouch, seksyon komin okap. Kasebwèt se non Oungan ki te mèt dam sa a. Apre yo sove, zonbi a te viv 10 lane ankò san pwoblèm.
2. Natagète Joseph : Se te nan lane 1966, nan Sen Rafayèl, dam sa te reparèt sou moun apre yo te fin tere l 13 lane avan. Lè sa, li te gen 36 lane. Nan laj 50 lane, li panse li toujou gen 36 lane. Kòmkiwa se jenn fanm li ye. Enfòmasyon an nan jounal *Nouvelis* 17 Jiyè 1979.
3. Francina : Nan zòn Enri, lokalite Savann kare, Fransina te mouri nan dat 23 fevriye 1976, 3 lane apre, Fransina reparèt sou moun. Se te yon veritab gaga. Manman l te rive rekonèt li akòz sikatris li te gen bò letanp.
4. Narcisse Clovis : Se toujou nan lane 1979 Nasis te reparèt sou moun apre 17 lane yon doktè ameriken te konstate lanmò li nan lopital Dechapèl nan dat 3 me 1962. Nasis te tounen zonbi enpi li t al travay latè kay yon oungan jis Pilat, pi prezizeman nan komin Ravin Twonpèt. Dapre Nasis se yonn nan zonbi yo ki te move paske yo te sèvi li manje anreta, li touye bòkò a tou libere tout zonbi ki te sou bitasyon an.

Si-yifikasyon antwopolojik fenomèn sa a

Pou nou menm antwopològ yo, nou rele fenomèn sa a jistis paralèl pèp la. Se yon chapit nan antwopoloji a ki rele « antwopoloji jiridik ». Se yon sistèm jistis ki reyalize yon “envèsyon”, yon siti-yasyon li chavire l tèt anba. Pa ekzanp si yon peyizan gen ti mouchwa tè l pou viv ak fanmiy li, lòt la vini li pran tè sa a ak gwo ponyèt li. Tankou nou konnen ravèt pa janm gen rezon devan poul. Lè li ale nan jistis fòmèl la, malere a deja pedi alavans. Se sa k fè nou di “gran nèg la achte jistis la oswa “jij la vann jistis la”. Kidonk, nan siti-yasyon sa a, malere a blije al chèche jistis mòn li, li blije ale nan pye “Bawon simityè” pou l al chèche jistis li. E l ap jwenn li kan menm.

N ap tou pwofite di tout sistèm jidisyè gen limit pa li. Pa gen yon sistèm jidisyè ki “pafè”, zewo fot. Gen koripsyon, ka gen koripsyon nan sistèm jistis sa a menm jan nan dèt sistèm jistis.

Rapò ant *savoir local* ak jistis fòmèl ak sosyete a

Mwen panse nou pa ka pèmèt nou panse ni reflechi sou sistèm jistis popilè sa a si nou pa mete l an relasyon ak sistèm jistis fòmèl la e menm mòd sosyete n'ap viv ladan l lan. Nan 200 lane apre zak sansinay sou Lanperè a, nou tabli yon sosyete esklizyon ak moun “andeyò” ki nan lakanpay ak nan bidonvil yo. Se yonn nan sosyete ki pi inegal nan lamerik la kote gran nèg la ap byen mennen pandan malere a ap trennen. Kritik nou dwe makonnen sistèm jistis fòmèl la ak sosyete tèt anba malpouwont nou sa, nan yon rapò sistemik. Li ta twò fasil e menm twò elemantè pou nou ta di « legalman n'ap kondane entèl “pour tentative d'homicide doublée de séquestration (kidnapin) volontaire” ».

Zonbifikasyon ak savoir lokal : Yon kesyon epismémo-lojik ak etik

Pa gen okenn dout gen yon kesyon konesans ki enplike nan pwosesis zonbifikasyon an. Se konnen ki fè. Men ki kalte moun nan ki klas oswa gwoup sosyal ki manifeste enterè yo nan fòm konesans sa a ? Konesans pou fè kisa ? Pou ogmante chan konesans malfèktè sistèm peze souse ak enperyalis la. “Denpi kilè

Koukou te renmen Frize jis pou l rele pitit li Frizelya ? Enterè pou konesans sa a dwe mache ansanm ak enterè pou kategori sosyal sa ki te blije mawonnen zago loray yo. Se nan mawonaj sa yo elabore yon lòt mòd lavi ki pèmèt yo reziste, ki pèmèt yo siviv jis yo la jounen jodi a. Se pa yon aza si nou di peyizan an se pentad mawon li ye.

Sa vle di konesans sa nou rele « savoir local » la, se yon bagay ki vital pou yon kategori sosyal espesifik. Denpi nou di vital, sa vle di se lavi oswa lanmò. Lavi ap goumen ak lanmò. Nan sans sa a, rekipasyon “Savoir” sa a, etid ak vilgarizasyon “savoir” sa a, dwe mache men nan lamen ak kapasite popilasyon an pou l reziste e menm batay fasa sistèm peze souse a pou rive chanje Leta ak sosyete sa a e rive bati yon lòt sosyete kote « tout moun se moun ».

Tout sa, se pou di ki pwa, “ki pèz” “savoir local” sa nan kad rebati peyi a, rebati yon lòt sosyete pou baton an vire bout tout bon.